



Kelly Steinke

Principal

A. Opal Leighvard

Assistant Principal

Dat September 4, 2020

Paran,

Distri Lekòl Piblik Orange County pran angajman pou l ba ou enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesè oubyen pwofesè asistan k'ap anseye pitit ou, nenpòt lè ou ta renmen genyen enfòmasyon sa yo.

Ou gen dwa poze kesyon pou konnen:

- Si profesè a kalifye pou l gen lisans pou anseye matyè l ap anseye a, oubyen Si l gen lisans pou anseye elèv ki nan nivo klas l'ap anseye a.
- Si pwofesè a gen yon lisans pwovizwa, oubyen si l gen yon otorizasyon espesyal pou l anseye.
- Ki diplòm pwofesè a genyen, nivo li rive nan inivèsite, branch li gen diplòm ladann nan, epi matyè li gen lisans pou l anseye a.
- Si pwofesè asistan k'ap travay ak pitit ou a gen kalifikasyon pou sa.

Si pa malè yon pwofesè ta travay ak pitit ou pandan plis pase kat senmenn (youn apre lòt), epi pwofesè sa a pa ta gen kalifikasyon lalwa sou edikasyon ki rele NCLB (ki vle pa kite okenn timoun dèyè) mande yo, lekòl pitit ou a ap voye yon lèt ba ou pou fè w konn sa.

Tanpri, toujou sonje distri lekòl Orange County an pran angajman pou bay tout elèv li bonjan kalite edikasyon. Ou ka rele biwo "Certification" ki jere kesyon kalifikasyon pwofesè lekòl yo nan 407-317-3221, pou poze kesyon konsènan kalifikasyon pwofesè oubyen pwofesè asistan k'ap travay ak pitit ou.

Mèsi.


Direktè (lekòl la)